

Ki sa ki “depans?”

Menmsi revni w twò wo pou w kalifye pou Medicaid nan eta w, ou ka toujou kalifye pou Medicaid kòm “nan bezwen medikal” si depans medikal ou yo pi wo pase revni ou disponib. Lè w fè soustraksyon depans medikal ou yo ak pataje depans yo (tankou kopeman) diminye revni w nan yon nivo ki kalifye w pou Medicaid, yo rele pwosesis sa a yon “depans”.

Pou kalifye kòm “nan bezwen medikal,” resous ou yo (tankou kont epay ak sètifika depo) dwe pi ba pase limit eta ou a. Rele biwo Medicaid leta w la pou w wè si w kalifye epi aprann kijan pou w aplike.

Konnen dwa ou

- Si yo te refize w benefis Medicaid epi ou pa dakò ak desizyon sa a, ou ka fè yon kontestasyon.
- Moun ki gen Medicaid gen dwa pou yo kenbe dosye sante yo prive.
- Medicaid dwe kouvri epi fè aranjman pou anpil sèvis ki nesèsè sou plan medikal pou timoun ki elijib pou Medicaid, menmsi yon eta pa ta nòmalman kouvri sèvis yo anba pwogram Medicaid li.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou soumèt yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice](https://www.medicare.gov/about-us/accessibility-nondiscrimination-notice), oubyen rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou jwenn plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Pou wè si oumenm oswa yon manm fanmi w kalifye pou **Medicaid**, vizite [Medicare.gov/talk-to-someone](https://www.Medicare.gov/talk-to-someone) pou jwenn nimewo telefòn biwo Medicaid leta w la. Premyèman, chwazi eta w nan men dewoulman ki anba a nan “Ki eta w ap viv?” epi klike sou “Ale.” Yo pral mennen w nan yon paj ki gen enfòmasyon kontak ki espesifik pou eta w la. Apre sa, nan kolòn gòch paj sa a, chwazi “Lòt pwogram asirans,” epi chèche tèks “Pwogram Medicaid” anba lyen ipèr la, nan lis opsyon yo. Ou ka rele tou 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou jwenn nimewo telefòn biwo Medicaid leta w la. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.
- Vizite [HealthCare.gov/medicaid-chip](https://www.HealthCare.gov/medicaid-chip) oswa [Medicaid.gov](https://www.Medicaid.gov) pou aprann plis sou Medicaid.

Adilt ant 19 ak 64 ki pa gen timoun oswa yon andikap epi ki gen yon revni jiska \$17,774 (pou 1 moun) oswa \$36,570 (pou yon fanmi 4) an 2021, ka kalifye pou Medicaid. Nivo revni a pi wo pou koup oswa si ou gen timoun. Timoun nan fanmi ki gen revni twò wo pou kalifye pou Medicaid ka elijib pou enskri nan Pwogram Asirans Sante pou Timoun yo (Children’s Health Insurance Program, CHIP). Si ou enskri nan Medicaid kounye a, ou pa oblije fè anyen nouvo. Règ debaz yo sou pwoteksyon ou, dwa, ak pwoteksyon ou anba Medicaid pa chanje. Tcheke ak biwo eta Medicaid ou a, oswa vizite [HealthCare.gov](https://www.HealthCare.gov) pou aprann plis sou opsyon pwoteksyon pou ou menm ak fanmi ou.

“Medicaid: Entwodiksyon (Medicare Supplement Insurance: Getting Started)” pa yon dokiman legal. Pwogram Medicaid ofisyèl yo jwenn konsèy legal nan lwa, règleman, ak desizyon ki enpòtan yo.

Medicaid



ENTWODIKSYON



Konprann baz Medicaid yo



An n kòmanse

Kisa Medicaid ye?

Medicaid se yon pwogram federal ak leta mete ansanm ki ede peye depans medikal pou kèk moun ki gen resous ak revni limite. Medicaid ka ofri tou benefis ki pa nòmalman kouvri pa Medicare, tankou swen nan kay retrèt ak sèvis swen pèsònèl. Si ou gen Medicare epi ou kalifye pou Medicaid nan eta ou a, ou otomatikman kalifye pou Èd Siplèmantè pou peye pou kouvèti medikaman Medicare.

Ki jan li fonksyone?

Nan gwo direktiv federal yo, chak eta deside kijan pou yo kouri pwogram Medicaid li a, ki gen ladan sa ki konte kòm revni ak resous, ki moun ki elijib, ki sèvis yo kouvri, ak pri pou sèvis yo. Gen kèk eta ki itilize non diferan pou pwogram Medicaid yo, tankou Medi-Cal nan Kalifòni oswa TennCare nan Tennessee.

Kouman mwen ka jwenn Medicaid?

Si ou pa gen mwayen pou peye pou swen medikal ou bezwen an, ou ta dwe aplike pou Medicaid nan eta kote w ap viv la. Eta yo detèmine bezwen ou yo baze sou revni ou ak resous ou. Règ pou konte revni ak resous ou yo varye selon eta. Resous yo enkli bagay tankou lajan nan yon kont kouran oswa kont epay, aksyon, ak obligasyon. Genyen tou règ espesyal pou moun k ap viv nan mezon retrèt ak pou timoun andikape k ap viv lakay yo. Si w aplike epi yo apwouve w pou Medicaid, w ap resevwa yon lèt apwobasyon, epi w ap ka jwenn yon kat pou w itilize tou lè w ap resevwa sèvis swen sante.

Kouman pou mwen konnen si mwen kalifye?

Anplis de revni ak resous limite, gen lòt kondisyon ou pral oblije ranpli pou eta w la. Lè w aplike, yo ka poze w kesyon sa yo pou ede w detèmine si w kalifye pou Medicaid:

- Ki laj ou?
- Èske ou ansent?
- Èske ou menm oswa pitit ou a ki poko gen 19 ane? * Oswa, èske w ap okipe yon timoun ki gen Medicaid?
- Èske w gen yon andikap oswa avèg?
- Èske w se yon sitwayen ameriken oswa yon imigran ki satisfè sèten kondisyon?
- Èske w gen mwens pase 26 an kounye a epi ou te nan swen adoptif anvan 18yèm anivèsè nesans ou?

Remak: Ou ka kalifye dapre règleman Medicaid “depans” (ki dekri pita nan bwochi sa a), menm si revni ou pi wo pase nivo revni Medicaid eta ou a.

Kisa mwen peye?

Sa w peye pou pwoteksyon an depann de règ eta w la. Ou ka oblije peye yon ti pati nan depans swen sante w yo (tankou yon kopeman). Si w kalifye pou Medicare ak Medicaid, pi fò nan swen sante w ak depans medikaman sou preskripsyon yo pral kouvri.

Ki sa ki kouvri?

An jeneral, Medicaid kouvri:

- Sèvis lopital pou pasyan ki entène
- Sèvis lopital pou pasyan ekstèn
- Sèvis ki gen rapò ak gwosès
- Vaksen pou timoun
- Sèvis doktè
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis mezon retrèt yo
- Sèvis planin famiyal ak founiti
- Sèvis klinik sante nan zòn rural yo
- Sèvis sante lakay
- Tès laboratwa ak sèvis radyografi
- Sèvis enfimye pedyat ak fanmi
- Sèvis enfimye ak fanmsaj
- Sèvis sant sante ki kalifye federalman
- Yon pakèt sèvis pou timoun ki poko gen 21 an
- Transpò ki nesesè pou ale ak pou soti nan founisè swen sante yo

Remak: Eta yo ka chwazi pou kouvri plis sèvis pase sa ki endike anwo a. Tcheke ak biwo Asistans Medikal Eta ou (Medicaid) pou yon lis sa eta ou kouvri. Vizite [Medicare.gov/talk-to-someone](https://www.medicare.gov/talk-to-someone), oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou jwenn nimewo telefòn biwo Medicaid ou a. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048. Vizite [Medicaid.gov](https://www.medicaid.gov) oswa [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) pou aprann sou opsyon pwoteksyon pou ou menm ak fanmi ou.